



Chè fanmi,

Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), vi prive elèv yo se premye priyorite nou. Sa vle di pwoteje done elèv lè nou itilize nòm endistri ak meyè pratik, fòm manm estaf nou yo sou responsablite yo lè y ap jere enfòmasyon elèv, epi egzije founisè sèvis deyò yo pou yo ranpli pwosesis ki anplas nou an sou vi prive ak sekirite done. Sa vle di tou enfòmasyon elèv ak fanmi nou yo sou dwa yo genyen konsènan vi prive yo.

Pou ede w rete enfòmasyon, n ap pataje yon pake sou konfidansyalite ak enfòmasyon enpòtan sou dwa w yo ak kòman nou pwoteje enfòmasyon elèv yo. Pake sa a eksplike dwa w yo dapre lwa federal, eta ak lokal sou konfidansyalite, tankou Règleman Chanselye A-820 a yo fèk fè mizajou ladan an. Pake a gen ladan:

- **Dwa sou vi prive 101:** Yon feyè yon paj ki rezime nèt dwa sou vi prive w ki pi enpòtan.
- **Avi anyèl sou FERPA:** Li eksplike dwa w dapre Lwa sou dwa w nan edikasyon ak vi prive fanmi w (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), ki gen ladan dwa w pou jwenn aksè nan dosye pitit ou a ak dwa w pou yo kenbe enfòmasyon sa yo prive.
- **Avi anyèl sou PPRA:** Li dekri dwa w dapre pwoteksyon amandman nan dwa elèv (Protection of Pupil Rights Amendment, PPRA), espesyalman konsènan sondaj ak enfòmasyon yo kolekte nan men elèv yo.
- **Dwa paran sou konfidansyalite ak sekirite done:** Li dekri kòman lalwa pwoteje done elèv ak responsablite NYCPS ak patnè li yo pou kenbe done elèv yo ansekirite.

Objektif nou se asire w gen enfòmasyon, gen pouvwa, epi gen konfyans sou fason y ap jere enfòmasyon pitit ou a avèk swen ak respè. Nou ankouraje w pou w gade materyèl sa yo epi ale sou schools.nyc.gov/StudentPrivacy pou jwenn plis enfòmasyon. Ou ka voye yon imèl tou nan studentprivacy@schools.nyc.gov si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,

Dennis Doyle
Responsab anchè vi prive (Chief Privacy Officer)
Biwo Avoka Jeneral (Office of General Counsel)
Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS)

Dwa konsènan vi prive 101

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pran konfidansyalite enfòmasyon sou oumenm ak pitit ou oserye. Konfidansyalite elèv vle di kenbe enfòmasyon pèsònèl pitit ou a, dosye akademik li, ak lòt enfòmasyon sansib an sekirite.

Antan paran oswa responsab NYCPS, ou gen dwa enpòtan ki ede pwoteje enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sou edikasyon pitit ou a.

Men nèf dwa konfidansyalite ki pi enpòtan ou genyen yo:



Dwa pou gen aksè

Ou ka revize dosye edikasyon pitit ou a, tankou nòt li, prezans li, rapò sou disiplin li ak Pwogram edikasyon endividyalize (IEP).



Dwa pou modifye dosye

Si ou kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon pitit ou a pa egzak oswa li vyole konfidansyalite li, ou ka mande pou yo kòrije l.



Dwa pou yo pa divilge enfòmasyon

NYCPS bezwen konsantman w alekri avan yo pataje enfòmasyon pitit ou a. Gen kèk eksepsyon, tankou enfòmasyon anyè ak nan ijans sante ak sekirite.



Dwa pou sekirite enfòmasyon

Enfòmasyon pitit ou a gen pwoteksyon lè y ap voye l ak estoke l.



Dwa pou yo pa vann done ou

Yo pa ka vann oswa itilize enfòmasyon pitit ou a pou rezon komèsyal, maketing, oswa piblisite.



Dwa pou yo fè w konnen vyolasyon done

NYCPS ap notifye w si enfòmasyon pitit ou a ekspoze nan yon vyolasyon done oswa si yo pataje l avèk yon moun ki pa otorize pou resevwa li.



Dwa pou konnen sondaj elèv

Ou gen dwa chwazi si pitit ou ap patisipe nan sondaj ak egzamen ki konsène sijè sansib.



Dwa pou yo fè w konnen dwa ou genyen

Nan kòmansman chak ane lekòl, y ap notifye w sou dwa ou genyen pou vi prive dapre lwa ak règleman federal, eta, ak lokal.



Dwa pou pote plent

Ou ka depoze yon plent konsènan yon posiblite yo te itilize done pitit ou a yon move fason bay NYCPS, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk, oswa Depatman Edikasyon Etazini.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: schools.nyc.gov/StudentPrivacy



Avi anyèl FERPA pou ane lekòl 2025-2026 la

Lwa sou dwa pou edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) se yon lwa federal ki bay paran ak elèv kèk dwa ki anrapò avèk dosye edikasyon elèv ak nenpòt enfòmasyon ki ka idantifye pesonèlman (personally identifiable information, PII) ki nan dosye sa yo. Si w se yon elèv ki gen laj 18 ane oswa pi gran (yo rele tou elèv ki elijib), dwa sa yo se pou ou. Si w gen mwens pase laj 18 ane dwa sa yo se pou paran w.

Anrezime, FERPA bay dwa pou:

1. Enspekte ak revize dosye edikasyon nan yon delè 45 jou.

Ou dwe voye yon demand alekri (fòm pou mande dosye elèv disponib [sou entènèt](#)) pou dosye edikasyon yo bay direktè a. Lè yo verifye idantite w ak otorizasyon pou resevwa demand dosye yo, NYCPS pral oswa ba ou yon kopi dosye yo oswa fè aranjman sou ki lè ak ki kote ou ka vin revize demand dosye yo.

2. Mande pou yo fè chanjman nan dosye edikasyon lè ou kwè yo pa egzat, yo gen konfizyon oswa lè yo vyole dwa sou respè vi prive elèv dapre FERPA.

Ou dwe voye yon demand alekri (yo aksepte imèl) ba direktè a pou dekri ki dosye ou vle yo chanje, poukisa ou kwè enfòmasyon yo pa egzat, gen konfizyon, oswa vyole dwa sou vi prive elèv, epi chanjman ou pwopose yo. Si NYCPS decide pa chanje dosye edikasyon jan w te mande l la, w ap gen pou resevwa enfòmasyon sou kòman pou ale ann apèl pou desizyon yo pran an epi mande yon odisyon.

3. Bay konsantman alekri avan yo divilge enfòmasyon pèsònèl ki ka pèmèt yo idantifye elèv (PII) nan dosye edikasyon l.

Sepandan, nan kèk ka, FERPA pèmèt yo divilge enfòmasyon san konsantman paran. Egzanp lè yo ka divilge PII elèv la san konsantman:

- Bay ofisyèl lekòl ki gen yon enterè akademik lejitim nan enfòmasyon an.
- Lè yon elèv enskri oswa transfere nan yon lòt lekòl, distri oswa enstitisyon edikasyon.
- Bay ofisyèl gouvènman ki gen otorizasyon pou fè odit oswa evalyasyon.
- Lè sa anrapò avèk aplikasyon èd finansye pou elèv.
- Bay òganizasyon k ap reyalize etid pou, oswa nan non NYCPS.
- Bay paran elèv ki gen laj 18 ane ak plis si elèv la se yon depandan pou kesyon taks Sèvis revni entèn (Internal Revenue Service, IRS).
- Pou ka an konfòmite avèk lòd lajistis oswa yon asiyasyon pou konparèt yo fè legalman.
- Bay ofisyèl apwopriye lè gen yon ijans sante oswa sekirite.
- Lè NYCPS mete kèk tip PII kòm "enfòmasyon anyèl". NYCPS gen règleman ki limite pataj enfòmasyon anyèl, ladan ki tip enfòmasyon yo ka mete kòm enfòmasyon anyèl ak kiyès ki ka resevwa enfòmasyon an. Ou gen dwa pou refize yo pataje PII elèv ou a kòm enfòmasyon anyèl.



4. Pote yon plent ba Depatman edikasyon Etazini si w panse NYCPS pa respekte egzijans FERPA yo. Ou ka pote plent la a:

Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue SW
Washington, DC 20202- 8520
oswa pa imèl nan FERPA.Complaints@ed.gov

5. Resevwa avi dwa ou genyen dapre FERPA.



Avi anyèl PPRA pou ane lekòl 2025-2026 la

Amanman Pwoteksyon Dwa Elèv (Protection of Pupil Rights Amendment, PPRA) la bay paran ak elèv ki deja gen 18 ane sèten dwa konsènan patisipasyon nan sondaj, koleksyon ak itilizasyon enfòmasyon pou rezon maketing, ak kèk egzamen fizik.

PPRA ba oumenm ak pitit ou a dwa sa yo:

- Dwa pou bay konsantman alekri avan elèv yo patisipe nan nenpòt sondaj obligatwa, analiz, oswa evalyasyon k ap revele enfòmasyon konsènan bagay sa yo (“Espas Pwoteje”):
 - afilyasyon politik oswa kwayans elèv la oswa paran li;
 - pwoblèm mantal oswa sikolojik elèv la oswa fanmi li;
 - konpòtman oswa atitid seksyèl;
 - konpòtman ilegal, anti-sosyal, ki enkrimine tèt ou, oswa ki imilyan;
 - evalyasyon kritik lòt moun konsènan moun ou ka gen bonjan relasyon famiyal;
 - relasyon privilejye lalwa rekonèt, tankou avèk avoka, doktè, oswa chèf relijye;
 - pratik, afilyasyon, oswa kwayans relijye elèv la oswa paran li; oswa
 - revni, ki pa sa lalwa mande pou detèmine elijiblite pou pwogram.
- Dwa pou resevwa avi ak yon opòtinite pou refize fè pitit ou a patisipe nan sondaj, analiz, oswa evalyasyon ki pa obligatwa oswa k ap revele enfòmasyon konsènan Espas Pwoteje.
- Dwa pou resevwa avi ak yon opòtinite pou refize fè pitit ou a patisipe nan nenpòt bagay ki pa ijan, egzamen fizik ki anvayi entimite l oswa tès depistaj ki obligatwa kòm kondisyon prezans, ke lekòl la fè ak pwograme alavans, epi li pa nesesè pou pwoteje sante ak sekirite imedyat elèv la oswa lòt elèv.
- Dwa pou fè enspeksyon, sou demand, byen avan yo bay oswa itilize yo:
 - Nenpòt sondaj ki mande enfòmasyon konsènan Espas Pwoteje ki pi wo a; ak
 - Nenpòt materyèl ansèyman yo itilize kòm yon pati nan kourikoulòm edikasyon elèv la.

Resous anplis sou vi prive elèv dapre PPRA disponib sou sitwèb Biwo règleman sou konfidansyalite elèv Depatman edikasyon Etazini nan <https://studentprivacy.ed.gov>.

Paran ki kwè yo te vyole dwa PPRA yo ka depoze yon plent sou entènèt lè yo chwazi opsyon fòm plent PPRA la nan <https://studentprivacy.ed.gov/file-a-complaint> oswa voye li pa lapòs nan adrès sa a:

Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue SW
Washington, D.C. 20202



Deklarasyon Dwa Paran pou Konfidansyalite done ak Sekirite

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pran enfòmasyon prive sou ou menm ak pitit ou yo oserye. Gen plizyè lwa ak règleman federal ak eta ki pwoteje vi prive nan dosye edikasyon pitit ou yo ak enfòmasyon pèsònèl ki ka identifye yon moun (personally identifiable information, "PII").

Lwa federal ki pwoteje pitit PII ou a gen ladan [Lwa Edikasyon sou dwa ak respè vi prive fanmi](#) (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), [Lwa sou pwoteksyon vi prive timoun sou entènèt](#), (Children's Online Privacy Protection Act, COPPA), [Pwoteksyon amandman dwa elèv](#) (Protection of Pupil Rights Amendment, PPRA) ak [Lwa sou edikasyon moun ki gen andikap](#) (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA).

[Lwa sou Edikasyon Eta Nouyòk 2-d](#) a se yon lwa eta ki pwoteje enfòmasyon prive pitit ou a epi rann NYCPS ak lòt pati ekstèn ki resevwa enfòmasyon pitit ou a nan men NYCPS responsab. [Règleman Chanselye A-820](#) se yon règleman lokal ki dekri dwa ou yo ak responsablite NYCPS pou kenbe dosye edikasyon elèv yo konfidansyèl.

Dapre lwa ak règleman sa yo, paran ak elèv ki gen 18 lane oswa plis gen dwa sa yo konsènan dosye edikasyon ak PII. Dwa sa yo aplike pou dosye edikasyon ak enfòmasyon NYCPS ak òganizasyon ekstèn ki resevwa enfòmasyon pitit ou a nan men NYCPS:

- **Dwa pou gen pwoteksyon pou yo pa vann oswa sèvi avèk enfòmasyon pèsònèl pitit ou a pou rezon komèsyal oswa piblisite.**

NYCPS ak òganizasyon ekstèn ki resevwa enfòmasyon pitit ou a nan men NYCPS pa ka vann oswa itilize enfòmasyon pitit ou a pou rezon komèsyal, maketing oswa piblisite.

- **Dwa pou enspekte epi revize dosye edikasyon pitit ou a nan 45 jou.**

Ou dwe voye yon demand alekri (fòm pou mande mete dosye elèv disponib [sou entènèt](#)) pou dosye edikasyon yo bay direktè a. Lè yo verifye idantite w ak otorizasyon pou resevwa demand dosye yo, NYCPS pral swa ba ou yon kopi dosye yo swa fè yon aranjman sou ki lè ak ki kote ou ka vin gade yo.

- **Ou gen dwa tou pou mande fè chanjman nan dosye edikasyon pitit ou a lè ou kwè yo pa egzat, lè gen konfizyon oswa lè yo vyole vi prive pitit ou a.**

Ou dwe voye yon demand alekri (yo aksepte imèl) ba direktè a pou dekri ki dosye ou vle yo chanje, poukisa ou kwè enfòmasyon yo pa egzat, gen konfizyon, oswa vyole dwa sou vi prive elèv la, epi chanjman ou pwopoze yo. Si NYCPS deside pa chanje dosye edikasyon jan w te mande l la, w ap gen pou resevwa enfòmasyon sou kòman pou ale ann apèl pou desizyon yo pran an epi mande yon odisyon.

- **Dwa pou mande konsantman alekri avan yo divilge PII ki nan dosye edikasyon pitit ou a.**

Sepandan, nan kèk ka, law a pèmèt yo divilge enfòmasyon san konsantman paran. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou eksepyon sa yo, ale sou: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/data-privacy-and-security-policies>.

- **Dwa pou enfòmasyon pitit ou a pwoteje lè yo ankou ak lè y ap konsève yo.**

NYCPS ak lòt pati ekstèn ki resevwa enfòmasyon pitit ou a dwe itilize pwoteksyon, tankou encryption, firewalls, ak modpas ki asire pwoteksyon, pou pwoteje done yo. Pwoteksyon yo dwe satisfè estanda endistri yo, tankou Kad Enstiti Nasyonal pou Estanda ak Teknoloji (National Institute for Standards and Technology, NIST) pou Amelyore Sibersekirite Enfrastrikti Kritik (Framework for Improving Critical Infrastructure Cybersecurity)Vèsyon 2.0

- **Dwa pou yo fè w konnen si yo vyole oswa divilge PII pitit ou a san otorizasyon.**

NYCPS ap fè w konnen nan 60 jou apre nou fin dekouvri vyolasyon an oswa divilgasyon san otorizasyon enfòmasyon pitit ou a, sofsi lè yo fè sam l ap entèfere avèk yon ankèt lapolis.

- **Dwa pou depoze yon plent sou vyolasyon posib ak divilgasyon PII pitit ou a san otorizasyon bay NYCPS avèk Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED).**

Si ou depoze yon plent bay NYCPS, n ap ba w yon repons nan 60 jou apre nou fin resevwa li. Si nou bezwen plis pase 60 jou pou reponn ou, n ap ba ou yon eksplikasyon avèk dat nou prevwa n ap ba w repons.

Ou ka voye plent yo bay NYCPS:

Chief Privacy Officer
New York City Department of Education
52 Chambers Street, Room 308
New York, NY 10007
oswa pa imèl nan: Studentprivacy@schools.nyc.gov

Ou ka voye plent ou yo bay NYSED:

Chief Privacy Officer
New York State Education Department
89 Washington Avenue
Albany, NY 12234
oswa pa imèl nan privacy@nysed.gov

- **Dwa pou pote yon plent ba Depatman Edikasyon peyi Etazini (USDOE) si w panse NYCPS pa respekte egzijans FERPA yo.** Ou ka voye plent ou yo nan US DOE:

Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue SW
Washington, DC 20202- 8520
oswa pa imèl nan: FERPA.Complaints@ed.gov

- **Dwa pou yo fè w konnen dwa w yo chak ane.**

Anplis de sa, NYCPS pwomèt pou:

- Kolekte ak divilge PII pitit ou a sèlman lè sa nesesè pou atenn objektif pedagogik oswa si lalwa pèmèt sa.
- Asire itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon elèv la benefisye NYCPS ak elèv yo.
- Redui koleksyon, tretman ak transmisyon PII.
- Bay estaf NYCPS ki gen aksè nan enfòmasyon ou yo fòmasyon chak ane.
- Konsève akò alekri avèk lòt pati ki resevwa PII pitit ou a nan men NYCPS. Akò a dekri kòman lòt pati yo ap kenbe done pitit ou a konfidansyèl ak ansekirite.
- Afiche enfòmasyon siplemantè sou akò nou yo avèk lòt pati ki resevwa enfòmasyon elèv nan men NYCPS. Pou plis enfòmasyon sou ki done yon pati ekstèn ap kolekte, rezon ki fè yo kolekte done a, ak kòman yo prevwa pwoteje done yo, ale sou: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/data-privacy-and-security-policies/supplemental-information-for-parents-about-doe-agreements-with-outside-entities>.
- Pa kenbe kopi enfòmasyon pitit ou a lè li pa nesesè ankò.

Ou ka jwenn yon lis konplè tout kalite done elèv New York State Education Department (NYSED) kolekte nan <https://www.nysed.gov/data-privacy-security/student-data-inventory>.